



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EFÓ POU RE-ÓGANIZE MEDICAID KAP EKONOMIZE KONTRIBYAB YO PLIZYÈ MILYA DOLA

Depans Medicaid pou chak moun kap resevwa asistans te diminye nan nivo ki pi ba depi 13 ane

Refòm istorik ouvri wout la pou investisman \$7.3 milya nan transfòmasyon sistèm sante

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke depans Medicaid pou chak moun nan New York te desann nan yon nivo ki pi ba depi 13 ane pandan 12 mwa ki sot pase yo. Depans enpòtan sa diminye, sa ki te lakoz nan plizyè milya dola ekonomi pou kontribyab yo, ki kapab atribye a refòm Ekip re-òganizasyon Medicaid Gouvènè Cuomo a.

“Anons jodia plis solidifye Ete New York kòm yon lidè nan re-òganize Medicaid pou reponn a bezwen 21yèm syèk la,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Yo te ekonomize kontribyab yo plizyè milya dola grasa travay Ekip Re-òganizasyon Medicaid nou an, e nap re-vesti nan sistèm swen sante nou an, kòm yon rezilta– amelyore swen pou plizyè milyon Nouyòkè. Sa a se yon etap pwogrè fondamantal nan travay nou pou bati yon Eta New York ki pi ansante, e map rete tann pou m wè pwogrè a kontinye nan ane kap vini yo.”

“MRT kontinye ap diminye sou depans la,” te deklare Komisyonè Sante Eta New York Dr. Howard Zucker. “Ekonomi enpòtan ap fèt pandan yap amelyore rezilta sante pou manm Medicaid yo, sa vle di ke MRT benefik pou tout Nouyòkè yo.”

Daprè Lwa Federal sou Swen Abòdab, plis pase 500,000 Nouyòkè te rantre nan pwogram Medicaid pandan 2013 ak 2014. Nan menm moman kwasans nèf pousan nan

enskripsyon an, depans anyèl pou chak patisipan te tonbe a \$8,223 - nivo ki pi ba nan plis pase dizan. Anplis, kwasans depans Medicaid anjeneral te diminye konsiderableman a 1.4 pousan pa ane depi 2011, lè Gouvènè a te etabli MRT. Anvansa, pousantaj ogmantasyon 2003-2010 la te 4.3 pousan chak ane. Yon tablo ki detaye depans total Medicaid pou chak patisipan disponib [la](#).

Gouvènè Cuomo te anonse egalman ke pwogram [Refòm nan sistèm livrezon peman rekonpans](#) (DSRIP), sa ki pèmèt New York investi \$7.3 milya nan ekonomi Medicaid sou peryòd pwochen senkan yo nan sistèm swen sante I, kounye a te fè alokasyon finansman spesifik a 25 rezo founisè nan eta New York. Finansman sa, se yon rezilta nan lansman egzansyon ane pase ant New York ansanm avèk gouvènman federal la, pral pèmèt founisè swen sante yo aplike refòm kap redwi ospitalizasyon evitab, amelyore swen ansanm avèk redwi depans. DSRIP mande founisè yo pou yo kolabore nan fòme yon Sistèm Pèfòmans Founisè / Performing Provider System (PPS) pou aplike pwojè inove kap konsantre sou transfòmasyon sistèm nan, amelyorasyon klinik ak amelyorasyon sante popilasyon an. Grasa kolaborasyon ki nan nivo kominote ak yon aksan ki baze sou refòm sistèm nan, objektif definitif pwojè sa yo se pou atenn yon rediksyon 25 pousan nan itilizasyon ospitalizasyon ki evitab sou yon peryòd senkan. Total la gen ladan apeprè 1 milya nan lajan federal adisyonèl sa ki pral ede asire ke eta atenn tout objektif DSRIP yo.

Chak PPS te soumèt yon plan, sou chak prim ki baze (sou sa ke yo konnen tankou 'evalyasyon'). PPS yo ki satisfè kritè ak pèfòmans metrik pral kalifye pou resevwa montan lajan konplè sou evalyasyon yo. Venn-senk sistèm pèfòmans te deja resevwa apwobasyon federal ak eta, e yo te enfòme yo sou montan lajan total ke yo ka resevwa pandan pwogram senkan DSRIP la. Yo te itilize rès lajan egzansyon an pou amelyore sante nan kay, mendèv swen alontèm ak sèvis sante mantal.

25 Sistèm Pèfòmans Founisè yo ak evalyasyon montan lajan liste anba. PPS Piblik yo dirije pa yon sistèm lopital piblik, alòske sekirite nèt PPS yo jere pa lopital a bi non likratif oswa lòt founisè yo.

<u>Sekirite Net PPS yo</u>	<u>Kantite Lajan Total</u>
Adirondack Health Institute, Inc.	\$186,715,496
Advocate Community Providers, Inc.	\$700,038,844

Sant Medikal Lopital Albany	\$141,430,547
Alliance for Better Health Care, LLC	\$250,232,844
Sant Medikal Bassett	\$71,839,379
Sant Lopital Bronx-Lebanon	\$153,930,779
Finger Lakes Performing Provider System, Inc.	\$565,448,177
Sant Medikal Maimonides	\$489,039,450
Sant Medikal Montefiore	\$249,071,149
Mount Sinai PPS, LLC	\$389,900,648
Sant Medikal NYU Lutheran	\$127,740,537
Refuah Community Health Collaborative	\$45,634,589
Sant Medikal Samariten	\$78,062,822
Sistèm Sante SBH	\$384,271,362
Sisters of Charity Hospital of Buffalo, New York	\$92,253,402
Southern Tier Rural Integrated Performing Provider System, Inc.	\$224,540,274
Staten Island Performing Provider System, LLC	\$217,087,986
The New York and Presbyterian Hospital	\$97,712,825
The New York Hospital Medical Center of Queens	\$31,776,993
<u>PPS Piblik yo</u>	<u>Kantite Lajan Total</u>
Central New York Care Collaborative, Inc.	\$323,029,955
Millennium Collaborative Care	\$243,019,729

Nassau Queens Performing Provider System, LLC	\$535,396,603
The New York City Health and Hospitals Corporation	\$1,215,165,724
Inivèsite Eta New York nan Lopital Inivèsite Stony Brook	\$298,562,084
Sant Medikal Westchester	\$273,923,615

Manm Kongrè Charles B. Rangel te deklare: “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan pwoteje ak modènize Medicaid ki te founi grasa sistèm swen sante Eta New York. Lajan ki te envesti sou pwochen senkan yo pral lakoz nan ekonomize kontribyab yo ak pi bon kalite swen pou tout Nouyòkè yo. Mwen pral kontinye lite pou aksè a bon jan kalite swen sante, ki a bon mache ak pou pwoteje epi konsève Medicare ak Medicaid.”

Depite Louise Slaughter te deklare: “Mwen kontan dèske pwofesyonèl swen sante lokal yo pral gen opòtinite pou montre istwa Rochester nan bay swen sante ki kowòdone. Mwen te sipòte Plan Ekip Re-òganizasyon Medicaid Gouvènè a pou re-envestisman nan ekonomi federal li ta kreye paske li ta kondwi nan yon transfòmasyon nan fason yap delivre sèvis sante ak amelyore lavi sitwayen nou yo. Mwen toutafè gen konfyans ke Rochester pral kontinye dirije wout la nan bay pi bon swen sante nan New York.”

Manm Kongrè Eliot Engel te deklare: “Re-envestisman \$7.3 milya dola nan ekonomi federal atravè DSRIP pral ede kèk nan pi bon enstitisyon swen sante nan New York reponn a bezwen pasyan yo nan 21yèm syèk la. Antanke yon manm ansyen nan Sou-Komite Sante Komès ak Enèji nan Chanm nan, mwen konnen valè efò Gouvènè Cuomo pou re-òganize ak amelyore sistèm swen sante nou an, e mwen aplodi angajman l pou fè New York vini yon lidè nan domèn swen sante.”

Manm Kongrè José E. Serrano te deklare: “Anons sa reprezante yon etap enpòtan nan efò Gouvènè Cuomo pou refòme ak amelyore sèvis Medicaid New York ak sistèm livrezon swen sante a. Grasa finansman sa a, founisè sèvis Medicaid yo, enkli plizyè nan Bronx, pral anmezi pou aplike pwajè inovè pou refòme sèvis yo epi amelyore swen pandan lap redwi pri yo. Modènize sistèm Medicaid la pral ede plis benefisyè gen aksè a sèvis swen sante kalite nan kominote yo, pandan lap ede vil nou an ekonomize plizyè milyon dola.

Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare: “Sa a se yon gwo nouvèl pou pwogram Medicaid Eta New York ak plizyè milyon Nouyòkè yo ki konte sou li. Mwen kontan paske mwen te sipòte amannman egzansyon sa e mwen konplimante Gouvènè Cuomo pou travay ak lidèchip li sou kesyon enpòtan sa pou pote plis swen efikas ak efisyan nan eta nou an.”

Manm Kongrè Carolyn B. Maloney te deklare: “Gouvènè Cuomo te antreprann yon gwo efò pou transfòme livrezon Medicaid epi fè New York vini yon lidè nan bay sèvis Medicaid. Sibvansyon sa yo pral ede finanse chanjman adisyonèl ki pral amelyore sante anjeneral eta nou an. Mwen fyè dèske m te sipòte refòm yo nan nivo federal, sa ki te pèmèt amelyorasyon sa yo ale delavan.”

Manm Kongrè Gregory W. Meeks te deklare: “Mwen aplodi aksyon Gouvènè Cuomo pou ede lopital kominotè yo devlope sèvis Medicaid ki pi bon ak pi efikas. Founisè Swen sante yo nan eta, enkli New York Hospital Medical Center of Queens pral anmezi pou modènize ak amelyore swen pandan lap diminye pri yo. Nan fè sa, nou pran yon etap ki pipre nan sistèm swen sante 21yèm syèk la ke tout Nouyòkè merite.”

Depite Joe Crowley te deklare: “New York te alavangad nan kalite ak inovasyon nan swen sante, e mwen kontan dèske anpil òganizasyon ki baze sou kominote, lopital, ansanm avèk founisè yo pral patisipe nan inisyativ sa pou plis amelyore swen sante nan eta. Mwen te fyè pou m te travay avèk Gouvènè Cuomo ansanm avèk delegasyon kongrè a pou sipòte patenarya eta- federal kap fasilite pwojè sa, e map rete tann pou m wè rezilta yo.”

Manm Kongrè Steve Israel te deklare: “Anons sa a pou re-vesti plis pase \$7 milya nan ekonomi federal pral amelyore dramatikman fason yo delivre swen sante bay benefisyè Medicaid yo nan New York. Inovasyon sa yo pral ekonomize lajan, amelyore swen pasyan ak fondamantalman chanje fason Medicaid ap travay pou kominote nou yo.”

Manm Kongrè Paul Tonko te deklare: “Nou dwe pran gwo etap pou refòme sistèm Medicaid nou an pou asire vyabilite alontèm li. Nou bezwen asire egalman ke fanmi yo ki gen plis bezwen sèvis enpòtan sa yo pa pèdi yo nan pwosesis la. DSRIP balanse de objektif sa yo, mete Eta New York nan yon pozisyon inik pou bay plis sèvis efikas ak efisyan Medicaid. Mwen kontan pou m tandè osijè nouvo fon ke yo te atribye a PPS yo nan eta, espesyalman pou sila yo nan Capital Region, e mwen remèsye Gouvènè a pou travay san relach li sou kesyon sa.”

Manm Kongrè Sean Patrick Maloney te deklare: “Travay ansanm, sektè prive, eta, federal ka asire ke New York kontinye pou l yon lidè swen sante nan peyi nou an. Anons jodia ap mennen nou nan yon etap pipre nan bay sèvis ki pi efikas, itil, ak ba pri nan transfòme sekirite nèt swen sante, redwi itilizasyon lopital ki ka evite e nan amelyore mezi sante piblik nan kominote yo nou tout sèvi.”

Manm Kongrè Kathleen Rice te deklare: “Finansman sa pral pèmèt founisè yo nan New York bay pi bon swen pandan lap redwi depans yo egalman. Sa a se yon gwo investisman nan sante piblik ak yon gwo etap nan efò pou refòme ak amelyore livrezon sèvis Medicaid kidonk pwogram sa a ap rete entak pou tout Nouyòkè yo ki depann sou li.”

Enfòmasyon sou Ekip pou Re-òganize Medicaid:

Gouvènè a te kreye Ekip pou Re-òganize Medicaid nan mwa janvyè 2011, pou mete chita ansanm moun ki konsène ak espè ki sòti toupatou nan eta a pou travay nan tèt ansanm pou fè refòm nan sistèm nan, epitou pou redui depans yo. Pwosesis kolaboratif la te asire ke plan daksyon ki te souliye nan rapò MRT gen yon laj sipò pami entèvenan swen sante yo nan kominote a. Grasa efò kolaboratif sa a, inisyativ MRT yo te transfòme pwogram nan an yon modèl nasyonal ki koupe depans, mete pasyan yo anvan, epi kreye yon modèl kwasans dirab ki santre sou kalite swen. Yo te chwazi MRT pa twò lontan de sa kòm yon pwogram Top 25 e antanke premye senk finalis nan Harvard Kennedy School of Government pou Inovasyon nan Prim Inovasyon Gouvènman Ameriken.

Wap jwenn plis enfòmasyon sou MRT ak inisyativ li ki disponib nan <http://www.health.ny.gov/mrt>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418